

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Géografi

Kalurahan Balééndah mangrupa salah sahiji Kalurahan di Kacamatan Balééndah. Perenahna aya di kidul pusat pamaréntahan Kabupatén Bandung. Ieu désa téh diwatesanan ku Désa Bojongsari (Kacamatan Bojongsoang) Beulah kalér, Beulah kidul diwatesanan ku Désa Bojongmangu (Kacamatan Pameungpeuk), Beulah wetan diwatesanan ku Kalurahan Manggahang (Kacamatan Balééndah), jeung Beulah kulon diwatesanan ku Kalurahan Andir (Kacamatan Balééndah).

Sacara Topografi, Kalurahan Balééndah aya di dataran handap. Jarak ka Ibukota/Kecamatan nya éta 0,8 Km jeung jarak ka Ibu kota Kabupatén 16 Km. Warga Kalurahan Balééndah bulan januari 2013 jumlahna 50.995 urang/jiwa, nu ngawengku 25.641 urang lalaki jeung 25.354 urang awéwé. Jumlah kepala keluargana 14.039 KK. Éta jumlah téh nyebar di 20 RW nu ngawengku 80 RT (sumber, profil Kalurahan Balééndah taun 2013).

3.1.2 Sosial Budaya

1) Warga

Interaksi antar masarakat di Kacamatan Balééndah hususna Kelurahan Balééndah, kawilang alus dina kahirupan sapopoéna. Masarakatna masih kénéh mentingkeun kahirupan sosialna. Hal éta katitén dina waktu aya kapapaténan, sakabéh jalma sok hideng ngabantu-bantu najan ngan ukur tatangga lain baraya deukeut tapi sok harideng marantuan tatanggana, lain ngan ukur kapapaténan hungkul uapama aya anu hajat ogé biasana sok ngabantu-bantu, dina wangun tanaga, pikiran, jeung materi, sok sanajan henteu dipenta tulung. Ku kituna bisa disebutkeun yén masarakat Kacamatan Balééndah téh sauyunan, hirup gotong royong, sarta masih kénéh nyekel pageuh tali paranti karuhun Sunda. Sanajan di ieu daérah wargana geus heterogen loba nu asalna ti sélér bangsa séjén.

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Agama jeung Kapercayaan

Masyarakat Kalurahan Balééndah anu geus heterogen. Kitu ogé dina agamana nu heterogen. Najan béda-béda dina nganut agamana tapi mayoritasna mah nganut agama Islam. katitén loba masjid jeung musola anu sumebar tibatan tempat ibadah anu lianna di éta Kalurahan. Kegiatan kaagamaan saperti pangajian rutin, masih kénéh dilaksanakeun. Ti mimiti budak, bapa-bapa jeung ibu-ibu. Pangajian barudak dilaksanakeun unggal poé ba'da asar. Pangajian ibu-ibu biasana dilaksanakeun saminggu sakali, nya éta poé rebo ti mimiti jam 10.00 WIB nepi ka jam 12.00 WIB kadang-kadang nepika solat lojor babarengan. Saupama bapa-bapa, dilaksanakeun peuting dina malem senen ti mimiti ba'da isa nepika jam 22.00 WIB.

3) Basa

Masyarakat anu geus heterogen, dina basa anu dipakéna ogé béda-béda, lantaran di Balééndah loba masyarakat anu lain pituin urang Sunda. Ku kituna basana ogé campur-campur. Sanajan kitu basa anu digunakeun ku masyarakat Kalurahan Balééndah nya éta basa Sunda. Éta basa téh dipaké ku masyarakat pikeun komunikasi dina hirup kumbuhna. Salian ti miboga fungsi salaku alat komunikasi, basa Sunda dipaké pikeun mekarkeun jeung ngarojong kabudayaan anu geus aya disabudeureun Kalurahan Balééndah. Salian ti éta basa Sunda dijadikeun cicirén minangka identitas yén masyarakat Balééndah téh mangrupa sélér Sunda sok sanajan dina hirup kumbuhna loba kacampuran ku sélér séjén. Lantaran ulah jadi tamu di imah sorangan.

4) Pakasaban

Pakasaban masyarakat di Kalurahan Balééndah ngawengku kana sababaraha widang pagawéan, ngan réréana mah jadi karyawan pabrik. Alatan kitu téh, dilantarankeun loba lahan anu tadina pikeun tatanén geus robah fungsi jadi lahan pabrik. Salian ti éta jarakna nu deukeut ka kota, mangaruhan kana rupa-rupa widang pakasaban. Anu numutkeun data monografi Kalurahan, katitén aya

Dini Anggriani, 2013


ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATEN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

salapan pakasaban di antarana: 1) karyawan, 2) wiraswasta, 3) buruh tani, 4) PNS, 5) *pengrajin*, 6) *pedagang*, 7) tani, jeung 8) jasa.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun kieu:



Bagan 3.1

Galur Panalungtikan

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATEN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji hal.

Tujuan méthode déskriptif nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal anu didéskriptifkeun dina ieu panalungtikan nya éta istilah-istilah kasenian penca silat anu aya di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung.

Dina ngagunakeun ieu méthode, lain ngan saukur ngumpulkeun sarta nyusun data ngeunaan istilah kasenian Penca Silat wungkul, tapi ogé ngawengku analisis ngeunaan éta data. Anu engkéna bisa nyieun hiji kacindekan sarta bisa diimplikasikeun dina wangun bahan pangajaran.

3.4 Wangenan Operasional

1) Istilah

Istilah mangrupa kecap atawa kantétan kecap nu kalawan gemet ngagambarkeun hiji konsép, prosés, kahanan, atawa sipat anu aya dina hiji widang.

2) Penca silat Panglipur

Penca silat nya éta hasil budidaya manusa Indonésia pikeun mertahankeun atawa ngabela *éksisténsi* jeung *integrasina* kana alam sabudeureunna pikeun ngahontal *keselarasan* hirup pikeun mngaronjatkeun Iman jeung Taqwa ka Gusti.

Panglipur mangrupa himpunan penca silat. Luyu jeung falsafah Panglipur mangrupa singketan tina :

- 1) Pék Aranjeun Néangan Guru Luhung Ilmuna, Poma Ulah Ria (Takabur).
- 2) Pék Aranjeun Néangan Guru Luhung Ilmuna Pikeun Udageun Rasa.

3) Bahan Pangajaran

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hal anu rék ditepikeun ku Guru ka siswa dina prosés diajar-ngajar disebut bahan ajar. Bahan pangajaran maca kasenian Penca Silat nya éta materi anu ditepikeun ka murid.

3.5 Instrumén Panalungtikan

3.5.1 Rékorder

Rékorder digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku ngarékam wawancara jeung narasumber.

3.5.2 Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar tur pikeun ngadokumentasikeun gambar dina kagiatan panalungtikan, gerak dina silat, pakakas/ properti, jeung waditra anu digunakeun dina Penca silat Panglipur.

3.5.3 Pedoman Wawancara

Numutkeun Sudjana dina Satori (2009:130) wawancara nya éta prosés ngumpulkeun data atawa informasi ngaliwatan *tatap muka* antara pihak anu ngawawancara (*interviewer*) jeung pihak anu diwawancara (*interviewee*).

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngabantu panalungtik ngawawancara narasumber. Tujuanna nya éta sangkan obrolan bisa museur kana tujuan anu baris dihontal. Format obsérvasi nu jadi acuan dina obsérvasi bisa ditabélkeun saperti ieu di handap:

Tabél 3.1

Format Obsérvasi

| Data/hasil observasi | Harti |
|----------------------|-------|
| | |

Tabél 3.2
Pedoman Wawancara

| Ruang lingkup data | |
|--|---|
| Data informan | Patalékan |
| 1. Wasta | 1. Kumaha kaayaan kasenian Pencak Silat di Balééndah? |
| 2. Umur | 2. Kumaha sajarah HPS Panglipur? |
| 3. Pakasaban | 3. Naon waé waditra, properti atawa sanjata anu dipaké dina |
| 4. Alamat | Penca Silat? |
| 5. Kalungguhan narasumber di masarakat | 4. Istilah-istilah naon waé anu aya dina kasenian Pencak Silat? |
| 6. Kalungguhan narasumber di HPS Panglipur | |

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta obsérvasi, wawancara, jeung talaah pustaka.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Obsérvasi

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATEN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Observasi nya éta kagiatan museurkeun panitén kana hiji obyék ngagunakeun pancaindra. Obsérvasi digunakeun sangkan meunang data nu akurat ngeunaan istilah kasenian Penca Silat anu aya di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung.

2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan). Sasaran wawancara nya éta informasi anu dianggap nyaho kana seluk-beluk kasenian Penca Silat.

3) Talaah Pustaka

Talaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi ku cara ngumpulkeun data nua aya dina kamus, buku, jeung internet anu aya patalina jeung kasenian, hususna kasenian Penca Silat.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap:

- 1) ngumpulkeun istilah anu nyampak dina kasenian Penca Silat tina Kamus Umum Basa Sunda, buku-buku sumber, sarta data tina hasil wawancara;
- 2) nyatét éta istilah kasenian;
- 3) ngaidéntifikasi istilah nu aya dina kasenian Penca Silat;
- 4) milah-milah data dumasar kana wangunna;
- 5) ngaanalisis data tina harti istilah nu aya dina kasenian Penca Silat;
- 6) nyieun kacindekan hasil analisis tina harti istilah anu aya dina kasenian Penca Silat.

3.7 Prosedur Panalungtikan

3.7.1 Prosedur Ngumpulkeun Data

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data panalungtikan dicokot tina sumber lisan jeung sumber tinulis. Sumber lisan nya éta data hasil wawancara ti sababaraha informan anu apal kana seluk beluk kasenian Penca Silat. Kabeneran informan anu diwawancara téh nya éta pimpinan kasenian Penca Silat. Sedengkeun sumber tinulis dicokot tina kamus, buku, jeung internet anu aya patalina jeung kasenian Penca Silat. Léngkah-léngkahna nya éta :

- 1) niténan Kamus Umum Basa Sunda (LBSS:1995) jeung buku-buku sumber lianna anu aya patalina jeung kasenian Penca Silat;
- 2) nyirian kekecapan anu aya patalina jeung Kasenian Penca Silat;
- 3) niténan istilah anu aya dina kasenian Penca Silat hasil wawancara;
- 4) ngadaptarkeun babandingan istilah kasenian Penca Silat tina Kamus Umum Basa Sunda jeung istilah hasil wawancara.

3.7.2 Prosedur Ngolah Data

Sanggeus sakabéh data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Tahap ngolah data mangrupa nyusun, nganalisis, sarta napsirkeun data anu geus kakumpulkeun nepi ka bisa nyusun hiji kacindekan. Léngkah-léngkahna nya éta :

- 1) mariksa jeung niténan data-data istilah anu aya dina kasenian Penca Silat, kira-kira data tina Kamus Umum Basa Sunda téh saluyu henteu jeung data hasil wawancara;
- 2) milah-milah data dumasar kana wangunna;
- 3) ngadéskripsikeun istilah anu aya dina kasenian Penca Silat;
- 4) nyieun babandingan istilah kasenian anu aya dina Kamus Umum Basa Sunda jeung hasil wawancara;
- 5) nyusun laporan panalungtikan